

Drukkerij di Pasarstraat 36. Telefoon No. 51 Tasikmalaja.

Hoofdredacteur **BAKRIE SOERATMADJA** Redacteur di Bandoeng **MOHAMAD KOERDIE**

Agent-agent Sipatahoenan: Publiciteitkantoor „de Globe“ N. Z. Kolk 19 Amsterdam, M. K. Wigocna Boekitdoeri Tandjangan Mr. Co. -elis, Karnasoedirdja Gang Mantarena 10 Bogor, Soetadiredja Regentsweg 34 Tjandjoer, Gaos Soemadisastra Pangeran Soemedangweg 115 Bandoeng, R. Achmad Sobandi Sanding Garoet, sareng D. Wirjanata di Tjiamis.

Redactie & Administratie Stopplaats Aloen-aloen No. 4 Tel. No. 121 — Tasikmalaja.

No. 157

Kemis 16 Juli 1931 — 29 Sapar 1350

Taon ka 8

Pamarentah djeung Oelil Amri.

Ngantet djeung pertanjaanana abonne Sipatahoenan di Bandoeng, anoe nanjakeun koema ha anggapanana Pamarentah ka Boepati noe ngakoe nga koe djadi Oelil amri atawa Chalifatoellah. sanadjan tadina geus moal njaritakeun deui per kara ieu, lantaran katimbang geus katfida tjokoepna, tapi ajeuna narasa boga kawadji ban koedoe nerangkeun noe patali djeung ieu pertanjaan.

Pamarentah dina rek ngabe noem Boepati teh, milihna hen teu milihna noe bisa ngadijina, tjindekna kaperitajaan agama mah, henteu djadi saral kana angkatan Boepati. Djadi kapang katan Boepati teh, s.masakali henteu aja patalina djeung ka pangkatan Oelil amri atawa Chalifatoellah.

Naha henteu djadi kasalahan lamoen aja Boepati noe wani wani ngakoe djadi Oelil amri atawa Chalifatoellah?

Ieu pertanjaan ngan Pamarentah noe koedoe ngadjawab na. Tapi bisa djadi anggapan Boepati noe kitoe teh, paben tar djeung kahayang Pamarentah, sabab Pamarentah noe geus nelepeun kapangkatan na, kari kari make kapangkatan djeung gelaran anoe sedjen henteu kalawan piremoeagna Pamarentah.

Oepamana bae, eta gelaran Oelil amri djeung Chalifatoellah teh, lain kahayangna Boepati noe diseboet kitoe, tapi samala mala kahayangna somah noe njareboet bae. Lamoen enja henteu hajang diseboet kitoe, naha atoch henteu dilarang eta noe njareboet kitoe teh, malah dina boekoe kaloea ran pagoejoeban goeroe ngadji „Idharoe Biatil Moeloeki Wal Oemaro“ mah nepi ka aja reng kolna toelisan, jen Boepati teh Oelil amri tea, padahal ieu pagoejoeban teh di tangtajoengan koe Boepati Tasikmalaja R.A.A. Wiratanoeningrat.

Lamoen enja henteu hajang diseboet kitoe, meureun moal aja rengkolna koe toelisan, sar ta diajana oge noe njareboet sar ta dilarangan.

Soepaja henteu djadi ham ham ka sarere, katjida hade na lamoen aja noe daek nanja keun ka Pamarentah di Volks raad, aja hak henteuna noe djadi Boepati make gelaran Oelil amri atawa Chalifatoellah.

Dina ieu soerat kabar geus diberendelkeun koemaha sarat saratna noe meunang make gelaran Oelil amri noeroetkeun kitab „Al Moeffumaat“ karangan djrg. Hdj. Achmad Sanoesi di tanah Tinggi (Batawi Centrum) Geuning nepi ka 19 roepa factorna eta kaloenggoehan teh Ari ieu noe diangkana koe Pamarentah Walanda, kala wan henteu make factor noe 19 roepa tea, make meunang diseboet Oelil amri, asa katjida teuing. Lamoen koe Pamarentah diantep bae, peta noe sare pa kitoe, kawas pisan Pamarentah teh koerang ngahargaanana ka kaem Moeslimin. Pirakoe soegan!

Soepaja leuwih tetela pisan, saenjana saha noe beunang di seboet Oelil amri teh.

Ajeuna oerang njoetat tina boekoe „De Mohammedaansche Regeering“ karangan toean A. D. Haanle. Dina eta boekoe diseboetkeun jen Moefassir Fachoeddin Ar Razie geus nerangkeun dina kitab „At-Tafsiroelkabar“ katja ka 147 djoez ka III, jen noe meunang djadi Oelil amri teh, nja eta Moefmin noe diperitaja sarta dipilih koe oemmat Moefmin, pikeun djadi loeloegoena. Lamoen masih keneh aja noe henteu ngaroejdjeun kana eta

angkatan, atawa lain djalma iman, eta Oelil amri henteu koedoe dianggag.

Ari katerangan Moefassir Ibn Djari noe nerangkeun dina kitab „Tafsir Nabari“ katja 89 djoez ka V. mah, noe diseboet Oelil amri teh, nja eta saha bae loeloegoena oerang Islam noe dipilih koe kaem Islam pikeun ngatoer hiroep koem toelina sarta mikirkeun pikeun kapentingan oemoem.

Djaba ti eta, aja noe perloe koe oerang dikanjahoekun, nja eta, dina dalil dalil tea, oenggal aja ketjap „Oelil amri“ koedoe bae ditoeingtoengan koe ketjap „min koem“. Tah eta hartina „min koem“ teh—ti maraneh—noe djadi wawakil maraneh—dipilih koe maraneh.

Djadi Oelil amri teh lain Boepati noe dibenoem koe Pamarentah Walanda.

Tapi naha „Idharoe Biatil Moeloeki Wal Oemaro“ wani nerangkeun jen Boepati teh Oelil amri?

Bab ieu henteu koedoe heran, da di tanah pataloe kan mah, lain ngan di lemeh tjai oerang bae, noe kitoe ngahar tikeunana teh. Di tanah pataloe kan Inggris oge aja noe njarahen jen Oelil amri teh sarepa djeung ambtenaarna Pamarentah. Pergerakan Ahmadijah di Lahore noe katjida rapetna ka Pamarentah Inggris, toean Maulavi Moehammad Ali president jen pangatoeran hurkoop teh kieu:

„Above all authorities with a true Muslim is the authority of Allah and His Apostle but those who are in authority are also to be obeyed. Among those in authority are included the rules of a land, though they may belong to an alien religion, as the Holy Prophet's example in his relations with the Christian kingdom of Abyssinnias schows.“

Lamoen koe basa Soenda kira kira kieu:

„Djaba ti eta sakoemna pa parentahan pikeun kaem Moeslimin noe sabener bener na nja eta parentahna Allah djeung oeloesanana, tapi noe kawasa njekel paparentahan di tempatna oge koedoe di toeroet. Di antara noe kaseboet paparentahan tea, tang toe kaitoeng djeung njekel paparentahan tina hidji nagara, sanadjan noe beda agamana oge, tjara noe geus ditem bongkeun tjontona koe Nabi oerang noe moelja, dina per hoeboenganana djeung karadjaan Christen Habsji.“

Lojogna ieu tjarita, henteu sakoemaha bedana djeung noe kaeni dina statuten pagoejoeban goeroe ngadji „Idharoe Biatil Moeloeki Wal Oemaro“ artikel 3 noe ieu oenina:

„... baris koemawoela ka noe djadi ratoe teh sabisa bisa koedoe kalawan kasam poernaan. Ketjap ratoe di dieu koedoe dihartikeun Pamarentah nagara. Pagoejoeban goe roe ngadji baris koemawoela ka Pamarentah nagara kalawan ieu merdoeli kana kaaja anana eta Pamarentah nagara, babakoena hal bangsana djeung agamana.“

Tjindekna mah Ahmadijah ta nah pataloe kan nagara Inggris djeung Idharoe Biatil Moeloeki di tanah pataloe kan nagara Walanda, sarepa tali tige bae, tjeples sapoelas pisan.

Kana politiekna Inggris ka tanah pataloe kanana, moal aja noe bireuk, kapan sakitoe leu leu liatna teh, montel lese leu solina.

Ajeuna malikan deui tjarita. Katjida handjakalna lamoen koe Pamarentah diantep bae, Boepati noe ngakoe ngakoe djadi Oelil amri atawa Chalifa toellah teh lamoen enja Pamarentah rek ngadjenan kana agamana Kaem Moeslimin, da Boepati teh henteu aja hak meunang gelaran noe sarepa kitoe, toer henteu aja dina angger anggeran Pamarentah.

—o—

Alam hurkoop.

Asana moal aja noe bireuk deui kana hartina ketjap noe kaseboet diloehoer.

Pagatoeran hurkoop teh beunang diseboetkeun hade, sanadjan harga barang leuwih mahal ti bari harga barang contant, njarta babakoena mercaan kalonggaran ka djelema noe hen teu mampoeh atawa narasa lebar lamoen koedoe meuli barang contant.

Lamoen oerang nilik ka taon noe toekang, noe ngadji roealan barang make djalan hurkoop teh beunang diseboetkeun erang.

Mingkin kabehdieu keunkeun djaman mingkin sakieu hareng hengna, mingkin narasaan bae roko toko ngadji roealan barang make djalan hurkoop.

Koe kitoe tea mah geus moe-nasabah pisan, sabab pabrik pabrik noe nyieunan barang barang toerles meneroes, sedang ngadji roealan teu woedoe oge hese.

Atoeh boro boro rek meulian barang noe aja pangaditna kala wan contant, diluh keur ngue-sian aseupan oge eta tea geuning.

Di loehoer geus di seboetkeun jen pangatoeran hurkoop teh hade.

Tapi sanadjan kitoe oge, isnu toe aja teu hajeus.

Meuli barang make djalan hurkoop meufikat, tapi same mehna oerang koedoe mikir heula, naha barang noe dipikahayang teh satimbang djeung ka perloean oerang?

Oepamana, oerang imah-imah djaraeh ti pagawean, lamoen isoe k sore koedoe kana delman, stoeh sabarana koedoe ngajakeun beg rooing keur delman.

Lamoen koe oerang di keur-reujeuh, isoe kore leumpang, noe poegoech mah badu oerang noe ngarasola.

Sadja bae teta oerang bisi hoe dangpa rada kaburangan. Lamoen koedoe leumpang, tangtoe bakal te laet datangna kana pagawean. Sakali doe kull mah meureun di humpoera koe doenoeng ngan, tapi lamoen mindeng stoeh ngadji keun stechte lodruk.

Nilik kana tjontona noe tadi, djadi aja panteuna lamoen oerang ngahuurkoop kareta mesin teh, nja eta sangkan njoemponna kana kaperloealan oerang noe beunang diseboetkeun penting oge. Poegoech bae noe di maksod mah ngahuurkoopna oge oelah kareta mesin merk Fordgers toer noe serie A.

Tjindekna mah ngahuurkoop barang teh koedoe satimbang djeung kaperloealan, djeung koedoe mikir-mikir koest hen teuna kana penitjilana saboelan boelana.

Koemaha moen noe papoehon, dapon boga keur wang pertama bae, nepi ka sakahyang ditjokot. Sanadjan di imah geus aja meulian korsi oge, ngahadja di djelelan di moemoerah, da hajang noe itoe, model ajeuna. Toeh geuning paltoeranana oge nepi ka beunang di pake ngueun teuing, bawaling koe herang.

Ajeuna psparabotan di imah geus alajar, een zitte met meren tafel, lontjeng Westminster geus disada oenggal sapa rapat djam, di kamar geus ngadji jgir lomari katja baroe, djeung rez-rea deul. Tapi sakitoe teh masih keneh tarjan narasa poem, ngan kerewek bae njokot gramafoon.

Leuh edasa, memang aja nog uiceet, ngagetehe dina korsi males bari ngoepingkeun ngoe „Kronjong Slamet tinggal“ di ajaajikeun koe Siti Hamsah.

Memang ari keur kieu mah, tjek saba henteu senang, meureun asa di sawarga loka bae.

Maar dimana mana oge saboelan teh tars leuwih ti 30/31 poe.

Koemaha ari noedjoe gadjih bae. Edasa, isdang kesang sa boglan aetoeog teh henteu nje sa peser peser atjan, tampla oge keneh keur-anggoeran barang barang noe geus di tjokot tea, katoeroeg toeroeg keur mjar bon noe sedjan tarjan kaagchan.

Atoeh koemaha deui skalna? Ari geus kieu mah bagianana sakadang lentah darat. Djelema noe keur kieu noe di anggapan peuntjiteun teh.

Sakitoe oge leuheung moen harita keneh bisa meunang ngaranna oge noe ngahoerang.

Atoeh gramafoon teh noe sa sarana sok ngawih ngadadak mi loe salesma.

Sakieu bae panginten tjekap, ladjengna mah mangga teras keun koe andjeun, pirakoe aen teu tiasa ngawangwang mah.

Noe noelis lain pisan hajang nembongkeun, da koering mah henteu kire, atawa moepoes ka noe keur ngalakonan, tapi soesoeganana djadi pangeling oer ling, sakoeangan atoeh keur zelf cretiek. (Arm).

Kahiroopan batoer

Ajeuna djaman soesah, hese moda! tapi koedoe loba akal. Koe loba akal mah kapan oerang teh geuning karasa kanggunahana.

Geura oerang njaritakeun sa roepa tjontona (afdeelingbank).

Eta afdeelingbank teh pa koempoelan simpean doelt mangpirang pirang djalma, toer roeg toeroeg mangatoes ratoes reboe kakajaanana tina kas kas desa enz. (dina sakamantren oge aja simpean bank bank desa aja 150—200 reboe perak).

Eta bank ngarenteunana ka sakoer noe njimpen sasat ti manehna keneh. Da ari diindjoeunkeunana meunang renten sataoen 12 pCt. (sarta ka aoe njimpen 4 pCt. Toeh geuning anggoer meunang uentoeng 8 pCt. Kapan eta sakitoe pelema (teu kalawan tjape).

Naha oerang teu hajang noe roetan? Koe djalan ririoengan djeung babatoeran alihphape keun sadoelt sapeser. babakoena ka perkoempoelan sagawe (vak-bondee). Koering miloe moedji soekoer kana taktiekna P. G. B. Bandoeng bedjana noe elidna 200 djalma sarta saboelana ngan njimpen 2 perak; kakara 2 taon ieu geus aja simpean meh f3000 (tiloe reboe). Malah noe kakara djadi lid 6—7 boe lan ge anoe gampang pisan ngandjeun doelt f100—f150 (kapan ka afdeelingbank mah koedoe aja borig 3 x f150 = f450 atawa noe biasa harga di oerang pangadijina meh f1000.—)

Tjing lempelan. Naha di desa teu bisa oeretan sarepa kitoe? Sageuj!!!

Saagkana noe teu ngarti (bodo) ka afdeelingbank.

Djalma noe bodo (teu ngarti) maroeknana afdeelingbank teh boga 1 djelema atawa noe di garawe di afdeelingbank. Djadi sakoer noe ngandjeun teh (noe teu ngarti atawa bodo tea) dina na aja pangaboetoechna poharsa sembah koerilinggana (saperil noe meuli-meuli) ka Agent agent bank noe sok noelikeun sanvraag, djeung Agent-agent noe sok mariksa pamakoedana atawa borgus. Malah loba anoe andepronk dina bata (ari Agent andjeutjeung dina korsi).

Kawanna bae ngerah dipikaroe nja soepaja dibere ngandjeun doelt tea, da sangkana teh maroekna doeltna Agent djeung pagawe-pagawe sedjen tea bae.

Lamoen teu andepronk kitoe, sok meuli-meuli koe kabekuknana atawa pangaboetoechna atawa ka resepa saperti koe mere soeloch, tjaoe, djagong enz. malah

da sok resep ngingne manoeck, dibelaan lictiar acangan manoeck noe katimbang pikarespeun.

Pangna koering bisa njeboetkeun kitoe mindeng noe rek barang-kirim ka Agent bank tapi bet djol ka Agent Singer.

Ana dipap-j, noe barang kirim kitoe teh, bet noe rek ngandjeun doelt ka afdeelingbank.

Naoe manehna pangna kitoe. Lain koe lantaran leuwihan (nisab) tjara mere ka anoe moessipr, tapi bisa djadi oge djadi Agent moen teu oeni (noe ti heula dipandeurikeun djeung sa balikna), minangka gjeant ba rang pentana meureun aksl kitoe teh! (henteu rek ngahoe roen soelochkeun ka anoe sabe nerua). Paingan loba Agent bank anoe imah imahna, djeung papa keadana, kitoe deul sok aja anoe pamakana nitih ka anoe gadjihna 1 1/2 atawa 2 kaliun maneh na. Ksharti ari koe akal kitoe mah. Ieu taja lian ngan koe bo nganna sarerep. Noe bodo (teu ngarti) tea resep dibodo koe akal noe sarepa kitoe. Tjing atoeh geura leungitkeun!!! Pikeun noe djadi Agent bank, ti anoe ngandjeun sama sakali teu aja hak boga kaontoengan atawa peresen, ngan ka anoe djadi Loerah, oewang sakti sapresen (1pCt.) djeung ka personeel Kawadapan noe sok noeliskeun hal eta 5 kuit saerang.

Saha saha Agent bank noe da har tjabe tjengek tangtoe maneh na noe lada.

Bisa djadi noe djadi doenoeng nganana mah (Administrateurna) ngalarung kana kikiroean teh. Tjing stoeh djoeragan Agent bank, sing karoenja masa ngandjeun ge boeroecheun, pangna barangna diborgkeun (teu didjoe al) ge, kapan maksoedna lain rek mitjeun barangna tapi nambah radjakajana.

Noe geus kenjahoan koe koering di kring (piliaal) district T. Regentschap Bandoeng oepama angger bae sok mandeng keneh (ngan rek noeloengan) ka sakoer noe aja bae pangirimna (amis amis), tangtoe koe koering di boeka kedokna.

Koering lain ogewa ka Agent anoe kitoe atawa lain kabita pedah sok loba noe mere tapi babakoena mang karoenjakeun ka djelema loba; toer maksoed na (lolobana) ngandjeun ka bank teh noe hajang niar modal keur kaontoengan, boh dipake modal meuli, dagang, ngagade atawa meuli deui tanah atawa radjakaja sedjen sedjen.

Tah! kitoe di bangsa oerang pabalatak keneh noe kitoe, djadjoehoeun ari rek tjinta njah teh, atoeh oelah-oelah niliksa (djalneun sakoemaha misina).

Njeohoeunkeun piwelana djrg. Redacteur, soepados dikintoeo salambar ka Administrateur afdeelingbank Bandoeng, soegan andjeunna kersa njarioskeun ka personeelna (ngomean kalakocan noe teu hade); malah loerje oepama noe djadi Administrateurna ngontrol ka sakoer noe ngandjeun koemaha . . . na ka sakoer noe ngandjeun tea . . .

Timbangan koering perloe di kantor-kantor atawa filiaal-filiaal diajan oendang-oendang oge terang (rada gedo aksarana kalawan ditjikat) sarta ditanda koe Administrateurna oepamana bae noe maksoedna kieu: Sakoer noe ngandjeun doelt, teu perloe mere kaontoengan (persen) ka Agent bank, sarta teu koedoe ngongko sa waktie mariksa ta nah-tenah noe diborgkeun.—Tah oepama aja ka tetapan kitoe, soegan noe bisa marja aksara Walanda atawa Arab ogariteun.

Oepama perloe koedoe meresen ka Agent-agent bank, eta ge koedoe dibewarakeun sarta ditangtoekeun reana. (Kijkjer).

—o—

Somah di aluang gandengkeun

Meunang bedja anoe beunang di pertjaja, di bawahan district Radjalagoeh Reg: Madjalengka,

aja hidji somah ngaran Joeda manehna ngarasa di sloeng gan dongkeun koeoe djadi wakil pamarentah di bawahan eta ke oeh, kieu kateranganana.

Eta ngaran Joeda leupas dlor roctoelis dessa, manehna keur waktie djadi djoerctoelis di tambahan sawahna (tjarik) lante ran pagaweanana Politie dessa di hidjikeun ke djoerctoelis, da hidji poelitic dessa di leu ngitkeun.

Dina boelan Juni 1930 naja keun ka bendara Wadana, lan taran sawah tambahan tea ne pi ka satoen etjan keneh nari ma, d.woehna bendara Wadana hade ke dipariksa.

Henteu sabarahna lilana ben dara Asasient sareng Wedana ka bale dessa ngajekeun papa riksaan perkara tansh tea, ka beneran di akoe teroes tereng koe Koewoe.

Eta Joeda ngarasa di gasab hakna lilana sataoen koe noe djadi Koewoen.

Dina tanggal 22 September 1930 ngadeuheus ka Toean Resident, dawochna koedoe jaoe ka Kangdjeng Boepati.

Dina tanggal 23 September 1930 ngadeuheus ka Kangdjeng Boepati, dawochna ke pageto di pariksa.

Lantaran geus meunang da woehan bakti di pariksa deui, stoeh teu kamana mana noeng goe noenggoe.

Lantaran etjan keneh di pariksa, manehna teroes rekest ka Pokrol djendral Betawi meata di poetoes perkarana.

Eta rekesan djigana balik deui kahandap da geus di dawoehan noe djadi pangoeroena somah, jeh bakal di poetoes perkarana.

Manehna teu kira kira boe ngahou bakal teroh meunang poetoesan, tapi etjan keneh djol bae poetoesanana.

Roepana bae tina djengkelna hajang boeroe boeroe meunang poetoesan anoe beres dina tanggal 20 April 1931 ngadep deui ka Toean Resident, dawochna koedoe jaoe ka Bendara Patih.

Dina tanggal 21 April 1931 teroes ka Bendara Patih, dawochna koedoe jaoe ka Beada ra Assistent Wedana.

Dina tanggal 22 April 1931 teroes tjaoe ka Bendara Assistent Wedana dawochna koedoe tjaoe ka Bendara Wedana.

Dina poe eta keneh lantaran hajang kenjahoan tjana eta per kara, teroes tjaoe ka Bendara Wedana dawochna sira tunja keun ka Assistent Wedana, koe Joeda didjawab, ka dieu teh dawoehan Bendara Assistent, da woehna lamoen oggeus soepaja tanjikeun deui ka Bendara Patih.

Palebah dieu manehna kerek ngarasa di sloeng gandengkeun koe noe djadi wakil pamarentah, lantaran naja ka dieu, koedoe ka ditoe, naja ka ditoe, koe doe ka dieu.

Roepana tina panasaran hajang boeroe-boeroe beres manehna teroes ngadep deui dina tanggal 15 Juni 1931 ka Toean Resident, dawochna koedoe ngadep ka Bendara Patih.

Dina tanggal 18 Juni 1931 tjaoe ka Bendara Patih, dawochna sjeuna maneh koedoe toeng goe bae rek neangan katerangan tangtoe koe oerang rek dipaggil.

Tapi nepi ka sjeuna ti. 12-7-31 teu etjan aja panggilan. Lamoen bener ieu bedja asa pirakoe, ari ngahadja mah wakil pamarentah, ngamaenkeun ka somah.

Lantaran wakil pamarentah mah henteu pandang anoe beung bar, anoe mararat, henteu pandang ka somah, henteu pandang kapangkatanana.

Panoehoen sim koering ka djrg Redaktioer bilih bae enja ieu bedja moegi kerep mapiRNA salambar ka medjan Kang djeng Boepati Madjalengka.

Sa teu atjajana hatoe reboe-reboe kasochoen.

Somah Radjalagoeh.

Kokodjo Pasoendan di Volksraad

Ka kokodjo Pasoendan noe aja di Volksraad, sageuj aja noe bircuk, lain bae koe djangkoeung gedena tapi di kabalangan Pasoendan parantos pada njaritan, aja eta Voorzitter Hoofdbestuur anoe ketelah djoeragan Oto Iskandur di Nera tea.

Dina zitting ajeuna ieu kokodjo geus meunang diploma ti Voorzitteras, diploma so teh lain diploma tandra tamat baladjar tjara diploma sakola desa atawa sakola klas II. Tapi meunang paloe mariti saba baraha kali, sawah aja noe nje boer lima riantan, tjeuk sawah deui 20 kali. Teu woedoe loba diplomas teh. Ieu mariti Voorzitter, lain matak tuoe ka djoeragan Oto Djangkoeung, atawa matak bantjoener, tapi hidji tjeuk kabangsaan anoe oelah dipohoikeun koe sukabel kaom Pasoendan, sahajat Pasoendan djeung oerang Indonesier sa-koemna. Laladjoan, dadangkoe keua koemaha ketaka djoeragan Pasoendan; bantjoener djeung djoerago noe sedjen, naha karasna koerang atawa leuwih. Naha djoerago oerang hidji domba anoe ka pidangdoeng atawa lain?

Sakoer anoe milih ka andjeun na pirokoe handjakal atawa ka doehoeung, tapi wadjih djeung perloe keudoe agelna, keudoe atolna Dagangkeun ka kiezers anoe teu miloe ka djoerago Pasoendan, sias dibenteng, sias diantip djoerago oerang Pasoendan mah lain dipilih koe wawakil kapala ieu toelen koe wawakil rahajat anoe sadjati, suoe lain beunang merkosa koe kakawasaan, koe iteuk atawa tjoerok djoelangoeleng, djeun sika-keun sika, lamoen teu milih djoerago ngaleng di raud kaboeperan.

Ngan handjakal bae, djoerago oerang ngan kapilih hidji, itaja ka lamoca tiloe anoe kapilihna, geus beunang djeungkeun ka bebahana bakal meunang diploma mariti.

Noeroetkeun verlag anoe aja dina Buitang Timor, sakabeh ledan anoe aja dina koeroenationale fractie, ti alam ka toe kang nepi ka ajeuna, teu arija aja noe uag deg ler tjara djoerago oerang, dirag, Tamrin, Soeangke poen, Soerose ect, roepana mah manggimikeun sarta kaboter wawanana.

Saejana, noeroetkeun verlag mah, lain kasaoeran dirag Oto. Ieu teuing anoe dimarutan teh, tapi roepa roepa toetatan tina sadjarah sadjarah djeung brochure-brochure, superi brochure "Petroleum Adel" kara ngan toean Weeber dina 3-4 toean ka toekang. Eta tjoetatan tjoetatan pona karerasna, sarta Voorzitter nganggap ontoclaabaar. Meureun andjeunna mah noeroeun kadenge ka loerkeun Volksraad bisi djadi panjer, da sari lid mah onschendbaar (teu beunang didawa), sandjian njerita koemaha koemaha oge.

Kasaoerana oerang tjoetatan saeetak saeetik bae, soegan sa gembelengna mah engka dimana geus aja origineclaa ti noe ka goengan alpoekah.

Kokodjo Pasoendan geus nem bongkeun roepa roepa pakoem poelan poelitik anoe ka toekang toekang, koemaha meunangna engsapan atawa pangharoe ti kaom sedjen.

Roepa roepa bedja dina soerat kabar bodas anoe langka saroea djeung boektina koe andjeunna teu kaluar didadar keun.

Sanggeusna saroeoran kitoe andjeunna njoektroek tina hal kaserdikan. Tjenah traha Indonesia pimeuangkeunna kamier dikaan. Tapi saeorna hal teu teu keudoe meunang djoewaban, sabab didjawan oge, lain matak loetoes, sanggoer matak tam bah partekjokan.

Koemaha ajina meunang ka merdikuan, naha make djaln paksaan atawa lain, noeroetkeun pikiran andjeunna, anoe bibisa eua oengan (milih) djalanna teh,

ngan oerang Walanda pribadi, sarta njokot djaln sosobatan, sabab lamoca teu kitoe oerang Walanda koedoe maspoem sora ngan, koemaha baloekarna lamoen teu koe sosobatan.

Andjeunna ngangken kakawa saan Walanda teh ngan saperti hidji goeroe rahajat Indonesia djeung pikeun ngalaksanakeun kahajagna Nederland. Demi kakawasaan tea awal abir tang toe aja toengtoengna (liquideeren) atawa tarik diri sendiri.

Dina sarallah ngangken goeroe, dirag. Oto heran saeutik, naha ngan rek ngadjar bae saeomoer oemoer, atawa si moerid teh naha maal aja ta matna diadjar, sarta salawasna bae koedoe tetep djadi moerid? Djadi hal ieu soesah dihoekoemanana.

Sadjeonlog ngadidik atawa mingpin kapala pribomei, tjara anoe make sijstem toeroeroer moending djeung panjingeu nan. Nepi ka kadjadianana loba anoe ngepot teh lamoen dika poikeun bae, sarta ngepotna oge noeroetkeun noe ngepotkeun bae, teu boga karep sorangan.

Kalolobanana, merena hor mar teh, lain koe lantaran na lang ngahor mar, tapi koe hasi eun, sieun bedil, sieun kulang taka, sieun mariem, sieun boei djeung salianana.

Loba atoran anoe ngabi ngoengkeun ka kapala pribomei, sarta tjeuk ti rahajat koemaha, sarta mogok koemaha, naha ka lolobanana mah gek tina koe roehoekna beuteung bae.

Koe djoerago Pasoendan dida darkeun oge hal kapitalisme, saeomaha pangroehna, tjara bebun kebon tiloe di tanah Djawa. Sok remen pisan bjak sian jen loba pisan kopala anoe riampoer boer neangan skal, soeapa si modal tea babari meunang tanah, make roepa roepa djaln. Nja kitoe deui tina bab tjal, loba pisan anoe kadjoer di, jen ngaloeloegeueun pata nian Eropa (keboa tiloe), si somah mah toengtoengna pase aan.

Di ngara Nederland na gaga anoe sakitoe leutikna geus aja 1129 milioener, tapi di Indonesia henteu manggih oerang pribomei anoe boga tilie milli onair.

Roepa roepa pagawean (Djasa) oerang Walanda anoe aja di dieu, memang diangken koe andjeunna tapi eta teh lian hidji djasa noe beresih, sabab karana olib, kanoeroeg toeroeg anoe sakitoe mahlor.

Geus kitoe toeloer andjeunna nerangkeun tangtoengna Pasoendan tina perkara persatoean Indonesia.

Oeroes-oeroesan boengan kisi Tjaringin, Tjipto Mangoekeoemo djeung Koesoema Soemantri oge disorkeun sarta ngi hatoeranan timbangan jen mistina koedoe boeroe² dipoelengkeun deui ka lemah tjina.

Tina hal P.N.I. koe andjeunna dirjariskeun saeomaha noe sja dina brochure prof Scheppe.

Kana perkara noeroenkeun gadjih hese dimoepekatanana, sarta diteda katraganana ti pamarentah, naha gadjih teh rek diraekeun deul, lamoen waktoe, noe skieu gorongna geus tjageur?

Pamarentah Walanda pohara bageurna ka oerang Indo mah, dipaparin soebisidi pikeun njeun kolonisatie, djeung ajeuna geus njeun commissie pikeun maldjar hak tanah. Lamoen oerang Indo dipaparin tanah, geus tangloe ekonomi oerang pribomei beuki roeksak. Naha ieu tjeukoep koe dibere hak kicin lanbouw anoe geus sakitoe rojalna!

Hak noe pantar kitoe, bisana dibikeun teh lamoen geus sa roca sagala roepana diantar pribomei djeung oerang Indo. Tah kitoe noeroetkeun ringkesna mah.

Tyach.

Haloer sewoe noehoen

ka Dirg. R.J. H. KOSASIH, eigenaar rijstperellerij di Ma djaloja, wihch andjeunna parantos kersa masibana pitoeleong, waktos hi dji boedak, moerid sakola Istri Bl. Limbangan, moer di roemah sakit Garoet.
Kalajan asmana noe kapapatenan, 645 Goeroe² Sakola Istri.

soeloeh anoe leutik dikoempoeleun, ari balik dipanggoel sakadoegana.

Nepi ka oemoer 7 taean, boe dak anoe saroea kitoe atja njahoeun diharitina doct, soema wonna kana ltoeng ltoengan mah sama sakali teu ngarti. Oepama djoel datang ka sakola (djadi moerid) diitrah milang ti hidji nepi ka dea poeloech oge, loba henteu bisa. Lamoen teroes sakolana bisana sok ngendog (di na sakelss doea taean).

Tapi sabagian gede boedak noe miskin di kampoeng tara diasoepekeun ka sakola, lantaran koe kolotna sok diperedih soe pajz boeeroeh ngangan moen ding atawa embe di noe tjoer koep. Boeroehanana ngangan ta ra koe dneit tapi koe pare, dina sapanghoet 3 sungga, dibere da har djeung satoean sakali dibere pakean sa pangdeg. Koe saki oge teh noe djadi kolotna geus ngarasa soegema sigana teh, lantaran daharna djeung makeun henteu njoesahkeun kolor, malah geus teundeun pare (didoekitkeun) nja eta sadjian di mana eta boe dak boga pamadjukan.

Lamoen kabeneran koe bapa na atawa koe lndoenagna di ba wa ka dsjeh, samasakali eta boedak ieu dsjekeun djadja, sarta kana doelt geus boga ba kat katjida njahna.

Hal njaba dsjoech (oelia dsjoech) kadjaba ka pangarongan, koe kolotna katjida dilarangan, nepi ka kiwari oerang kampoeng mah koeroeng batok. Sakalieun toempak kareta api oge loba noe sieun, soemawonana ari toempak mobil mah.

Katjida handjakalna boedak anoe saroea kitoe tara disako lakeun, lantaran loba pangaboe toeh tes tjenah. Kwajisan hiroep na oerang kampoeng anoe adan na saroea kitoe, ti barang di djoerokeun nepi ka maotna, henteu ngambeu ngambeu kana kasadjoean, henteu njaho kana kasadjanaana di tempat-tempat se djaja, henteu boga pikiran ha lang madjoer, henteu njaho gerak na djaman, henteu hajang bisa noelis, matja, ngitoeung, sigana ngan soeapa manggih dahar sa kadarna djeung make rombengrombeng bae mah.

Bakarna djalma kitoe di mana manggih katogeanah, sok kem ba, tjindekn tara daek broekbra, ngan oekoer hoemaddeuar harupeun pamadjukanas.

Moen koe oerang diitlik eta atikan teh ngan beuer sapotong, mingkina dicu mah mingkin go reng nepi ka salahna kstembong.

Tjaba eta atikan boedak ti oemoer sataoeu nepi ka lima taean sakitoe hadena, lamoen di teroeskeun ka sakola (disoep keun ka sakola) saeomaha di aloesuanana.

Noe matak oerang kampoeng djadi djalma koeroeng batok, tedi di loehoer geus dirjarita keun, nja eta waktoe leutik koe kolotna teu meunang njaba dsjoech, malah sakalieun ka dsjeh sorangan oge, koe kolotna katjida diomah omata, oelch gaga bah (oelah lida lidaer di dsjeh), lantaran di dsjeh mah sok sja werek, sok dikirimkeun ka Deli. Di ditroena sok diparabkeun ka hileud soetra tjenah.

Tah sakitoe noe djadi kolor ajiegeueunna ka anakna, saeodjan manehna oge (kolotna), kana hal djalma sok diparabkeun ka hileud teh, masih loba keneh noe perjarja moenggoch oerang kampoeng mah, lantaran boga sangkaan ari hileud soetra teh gedena sangde goeloengna kasoer. Oentoeng ieu kapertjajaan teh mangkin dieu mangkin ngoe rangana, gede harepan ka barcup na bakal muena.

Di mana eta boedak geus meudjeuhna boga pamadjukan, henteu beunang milih koe maneh, tapi keudoe beunang milih kolorna. Sanajan dipingne angankeun pipamadjukan koe kolotna, boh bogoh stawa hen teu sok dilakoan bae. Dina djoeng pindah oepama eta boe dak teh bogana pamadjukanana ka oerang tatangga dea, in

doengna moengga sesegroek tjeurik, pedah rek papisah djeung anak, padahal tara dsjoech, ngan oekoer satengah pal atawa palling dsjoech oge 2 pal. Tah sakitoe kolor kampoeng mah ngaleuleukan bare ka anak na teh.

Maraban bodjona smeunang meunang tina ladang taranen bae, oge hiroepna henteu beda sig kolotna bae. Di mana boga anak, ngatlna henteu beda djeung atikan kolotna ka manehna wak toe keur leutik.

Tapi lamoen oerang leukeun nganascharan ka oerang kampoeng anoe adana sig noe ka seboet di loehoer, lila lila sika kaa anoe saroea kitoe teh tangloe leungit.

AKA.

Priangan

Tasikmalaja.

Pamegeteum-peuh joeni.

Noe kaseboet di loehoer ngaranna hidji boeke roman kara ngan djoeragan Eugka Widjaja di Tjikadjang (Garoet).

Noehoer redactie ieu soerat kabar geus nampa kiriman eta boeke ti pagoejoeban Pasoendan tjaban Tjikadjang.

Kana eusina ieu boeke, hen teu keudoe dipoeidji, da sarere oge maal aja noe bircuk ka Dirg. Engka Widjaja teh, sabab ngaranna boeke teh lain kaka ra tapi beunang diseboetkeun katjida remenna, toeroeg toeroeg eusina ieu boeke teh dipapereun koe sababaraha goeroeritna.

Noe meuli ieu boeke hartina sroera bae djeung ngadeudeul kana kasadjoean pangdjaran, da tina ladangna teh pikeun ngadeukeun H. I. S. di eta tempat. Perloe didedeul koe sare real.

Tooneel keur derma.

Engke dina malem Minggoe ieu noe deukeut di Bale dea Tjiboenigeulis o/d Indihing (Tasikmalaja) baris diajakeun tooneel opvoering koe Tooneelvereeniging S.T.O.P. sarta baris ngalalakonkeun "Teu sangka bakal ngajudo".

Ieu tongtongan samata mata ngan keur noeloeung bae, da sa kabeh beubeunanganana baris dipake ngadeudeul koe noe katjilakan koe kahoerocan di kampoeng Baatr.

Kas Pamidjahan di hakaurinjoech?

Sakoer oerang Soenda mah, maal sja noe teu njaho kana bedja bedja bae mah jen di ba wahan Tasikmalaja aja tempat noe di ngagap soerit, nja eta noe diseboet "Pamidjahan" tea. Kana ieu karamat tangloe oenggal poe oge rea noe daratang, koma dina boelan Moelod mah. Geus djadi kasloembrahan oenggal noe daratang ka eta karamat sok mreere doelt, sarta eta doelt diasoepekeun kana kas pikeun ngamemoete eta karamat sarta pikeun kahiroepanana noe djadi pagawena di dinja. Sawa tara boela katoeang tjeuk noe, njerita geus sja noe mangadoe ka Buepari Tasikmalaja njerita keun karotjanaan doelt kas didinja.

Ieu kadjadian geus dipriksa koe Ass. Wedana Parakanhondje. Tapi doeka koemaha, sabab nepi ka njeunna henteu atjan aja poetresanana kitoe djeung keu.

Roepa roepa ka pallingan di kota Tasikmalaja.

Nji Idjah oerang Babakan domba geus kapalingan hidji sampling pangadji 16.— Bangsat na katangkep ngaran Saban oerang dinja keneh.

Bakri politie agent ti Karang noenggal keur ka Tasikmalaja dina mobil geus kapalingan hi dji erlodji pangadji 12 50 Bangsata katangkep ngaran Soekar ma oerang Tjibideung pabrik. Soemadipradja oerang kampoeng Lengkong geus kapalingan ti djero imahna gag mel erlodji oeng emas pangadji 37. Bangsata koe politie keur di teangan keneh.

—o—

Ti Tjiamis.

Landraad Tjiamis. Dina tanggal 13 boelan ieu Juli Landraad Tjiamis geus me roetkeun ka:

Salim oerang desa Kertasari (Tjiamis) lantaran geus maling

roepa-roepa barang, dihoekoem boel lila na 4 boelan.

Kerio alias Kartobi oerang desa Bodjong [Tjiamis] lantaran geus maling domba dihoekoem boel lila na 6 boelan, tapi apel.

Namabahan 8 djiwa.

Dina Sipatshoenan toekang geus diwawarkeun, anoe ngoe boer majit henteu lapor diba wahan onderdistrict Tjikoeneng sarta digiring ka pangadilan aja 12 djiwa.

Tjeuk noe mawa bedja, dina poe kamari geus nambahan deui 8 djalma, djadi anoe digiring ka pangadilan teh djoembahna 20 djiwa.

—o—

Ti Garoet.

Sakola teu boga wakloe.

Sarere njaho jen oenggal ngaganit pangdjaran di sakola teh keudoe dibanding koe wakloe, djadi di djero sakola teh keudoe aja djam pikeun nginja hokeun wakloe. Tjenah di sakola sakola desa bawahan distric. Tarogong mah, lamoen goeroena henteu boga erlodji sorangan dina rek ngalikan wakloe teh kapaksa koedoe tatangahan ngalikan panonpoe bae, da beker di sakola rereana geus raeok sak sarta geus lain smeunang. Samemeh datang ganitna mah meureun oenggal wakloe oge koedoe tanggah neadjo panon poe bae.

Teu poegoch waktoena.

Lamoen oerang aja kaperloeun ka kantor kantor oerang bisa nangtoekeun waktoena lamoen aja kaperloeun teh Tapi lamoen oerang aja kaperloeun ka Bale desa atawa sja kaperloeun ka Loerah, katjida hesena da waktoena agantor tara diangtoe keun Tjara noe aja kaperloeun ka desa Ranjabbatoe noenggoe an ti soek nepi ka boerit hen teu bisa kapanggih djeung Loerah, toeroeg toeroeg peroneel noe sedjira wawakilna henteu aja, toengtoengna njamos nepi ka balik deui. Oentoengna ngan oekoer bisa ngilkan karoeidji tanaana (kotor) eta Bale desa teh djaga koerang rawat.

—o—

Ti Bandoeng.

Di mana ajana doelt boeroeh kongkoer?

Poe Salasa isok-isok Dirg. H. Hanapi anoe meunang 1 ste prijs tina kongkoer pentja tea, geus datang ka Kantor Agent Sipatshoenan maksodna rek moesjuwarah (ping nanjakeun) doelt boeroeh Kongkoer di mana ajana.

Ssab bareto dina samemeh na, Dirg. Soele salah sahiji comite geus djangdji saha noe meunang 1 ste prijs tina Kongkoer Pentja baris diperesen hidji erlodji djeung doelt f 25.— (doe poeloech lima roepia). Tapi boektina ajeuna anoe kakra karumpa teh ngan erlodjita wengkoel. Koe sabab eta di mana njokona ieu doelt? Koe hal eta noe djadi Comite perloe njekel kahormatan oelah nepi ka djelema leutik ngerasa di bobodo.

Oesoen Kongkoer

Tjeuk bedja engka dina malem Minggoe ieu noe deukeut, di boemi Dirg. Patih baris dsjakeun Kongkoer pasloes sloes Badi.

Anne meunang 1 ste prijs tina ieu Kongkoer, sadjaba ti sloes bocuannan, sarta bangcoena djeung epik pamaraanana Ari peroeena tjenah 1 ste prijs teh koe Bintaog Em.s.

Restaurant "KITA" di Jaarbeurs

Noerretkeun tjaritana noe boga ieu Restaurant njokotna stand di djero Jaarbeurs teh, lila tjeuk malar oentoeng tapi rek naangan ngaran noe hade.

Ieu pamaksoedan teh roepana hasil, boektina sadjaba ti meunang poedjlan ti djelema loba teh, soerat soerat kabar oge teu tinggaleun maroeidji kajaning A.I.D., De Herraut, Sipatshoenan dsj.s.t.

Koe hasilna loba noe maroeidji kitoe teh Eigenaarna ieu Restaurant katjida ngarasa boe ngahna noe taja hinggana, sabab tjenah oerang Indonesier oge karadjanana tina bab barang asakan henteu tinggaleun koe bangaun djeung deungeun teh.

Ari beubeunanganana tjenah roe gi f1000 (sarboek roepia), tapi eta karogian anoe sakitoe gedena teh, sarboek samerang njamoec oge henteu dipikir. Peu perulheun tjenah Fabrik Sigaret H.D. Mac Gillavry mitjeun na reclame dina Jaarbeurs teh leuwih pangadji f10,000 (sapoe loeh reboc roepia).

Djadi tjindekna toedjoen Eigenaar Restaurant "KITA" dina Jaarbeurs teh kadjeun roegi, asal kapoeidji.

Gadjih personeel Drukkerij A. C. Nix ditoe-roenkeun.

Tjeuk bedja, ti mimiti poe Sap toe kamari dd. 11-7-'31 kaeom boeroeh Drukkerij noe kaseboet di loehoer teu pilih boeloe gadjihna ditoe-roenkeun.

Ari noeroenkeunana ti 5 pCt nepi ka 15 pCt. noeroetkeun liana digawe djeung noeroetkeun gedena gadjih. Malah tjeuk bedja sakabeh Drukkerij noe saeojoean, poe eta noeroenkeun gadjih personeelna lwal Drukkerij VORKINK. Jaaasasah, dasar mele set keur ngamock.

—o—

Ti Soekaboemi.

Rea paling, naha pedah rea ngadoe?

Di kampoeng Tjidjember de sa Soekabogara (Tjandjoer) anjar-anjar ieu rea pisan noe kapalingan djeung kabongkaran. Koe sangkaan noe rea, bisa djadi pangua rea paling teh, lantaran ajeuna di ieu tempat rea koerjah noe ngadon boeboerun ka eta deesa.

Ari noe matak koerjah ka tjida barehneunana di eta tempat, sabab di onderneiming noe deukeut ka dinja, oenggal-oenggal poweun bajaran sok rame koe ngaradoc, babakoena pisan rame noe masca sitir. Sanajan ieu pamaenan teh dilarang koe ngarua, tapi kawasna bae poline ieu wjan njahoek, da oepama njahoek mah pirokoe disotep.

Geusan ngadjaga katengtreman katjida hadena lamoen noe ngarasa wadjih di Soekabogara deuk nalingakeun noe saenjana.

Rd. Demang Karnabrata.

Noeroetkeun bisleelit ti Pama renish tanggal 11 boelan ieu, lantaran geus tjoekoeup dina dienst, ngamimitan ti tg. 7 Sep. 1931 baris katoer tina pagawean ngara, Patih di Soekaboemi Rd. Demang Karnabrata.

GEDIPL.
Vroedvrouw
NJI R. SOEKAESIH
Tweede Dwarsweg — Garoet
Taja sanes bilih aja kaperloeun moegi kersa njatet eta adres.
Baktosna SOEKAESIH
Inl. Gedipl. Vroedvrouw.



Koelit rarahout
Sapertos: koe seuneu, kakeureut, kakoeapas, tiasa sae oepami dilandongan koe

PUROL
Pangos sakaleng 40 sareng 75 sen, dina tube f. l. — Tiasa kenging di — roemah² obat — sareng di toko-toko

Atikan

Atikan kampoeng.

Kakoeutan orok anoe sok kaboean djeung kupoasan, nja eta anak oerang kampoeng anoe miskin tes, mingkin gede mingkin ditatik kana kakoeutan.

Sanggeusna eta boedak oemoer na ulinjak kaa 4 atawa 5 taean daharna geus teu ngahsekeun ka kolotna. Barang geus brai beurang sanggeus sasarep saka

darna, djoeng indit djeung indoenagna boehoeroeh tandoer. Dina sapandjang indoenagna digawe eta boedak henteu tjiing, tapi mi'oe babanteo timpab, (ngaloeng ngaloengkeun binih anoe rek ditandoerkeun). Djadi pikeun diharana mah henteu njoesahkeun kolotna, lantaran geus bisa (diwarah) digawe tes. Oepama pareng njaba kakebon djeung bapana eta boedak sadat rangan ka kepon tara tjiing, tapi ngoempoel ngoempoelkeun

ADVERTENTIËN

JODOSTICK

Naon ari Jodostick?

Oooh, JODOSTICK hidji landong anoe krtjida mandjorna pikeun roepi-roepi panjawat saperti:
 — Raheut, kakadek, dipatjok Oraj, keuna —
 — koe seungseureudan sareng sabangsana.
 Nganggona katjida gampilna, eta raheut atawa noe oeroet discoreud tea, asal discoreud koe JODOSTICK tangtos peurahna moal ti asa njalira harita keneh ti asa sae deui

Pangaos hidji fles moeng f 2.—

Ti asa kenging ti:

CHEMICALIËN HANDEL.

V. H. TOKO NIC. MULLER

Goenoeng Ladoe 15 — Telefoon 26
 TASIKMALAJA. 521

Doea Kareta Mesin á Satalen parangko golodog.

TOKO TRIO parantos najaagikeun 2 kareta mesin weucuh pikeun langganan Sipatahoenan anoe

Hidji noe arlana ngintoekeun kwitancie stanapi recu postwissel ka ADMINISTRATIE SIPATAHOENAN anoe dongkop ka saah Juni 1931 teu aja toenggakan, disarengan koe parangko pangaos satalen.

Hidji deui keur ka anoe timpah mejar kwartael ka-tiloe (Juli—September 1931), oge disarengan koe parangko satalen.

Kareta mesin mode kiwari, toer moeng koe artos doea poeloh lima cen.

Hormatna

TOKO „TRIO”.

Dokter H. HEERDJAN

Di djoeroe djalan Tjijtendo djeung Kebankaweng BANDOENG, TELEFON No. 780.

Waktosna nampl tamoe (noe lalaedong):

Endjing ti taboch 7 doegi ka taboch 9.


Slang id. 4 id. 6.

520

KE. DE OEDENG

HALIM

WEST PASAR STRAAT 16
 — BANDOENG —



Ketoe oedeng Pasundan, roepi-roepi model md. A., md. D., md. A. Ovis md. D. Ovis tina roepi-roepi baliikan. Ngawitan ti Pangaos f 1,75, f 2.— f 2,50, f 3.— f 3,50 enz.
 Ketoe oedeng model wiron Pasundan (Soenda Kadiawan) anoe nganggo endol sili tipis sareng anoe henteu, batikna oge roepi-roepi pangaos idem Ketoe oedeng wiron kadiawan, nganggo wiroe 18 lapis sareng nganggo lepat (tjietep) batikna roepi-roepi pangaos idem anoe nganggo endol sareng henteu.
 Kopejah bloedroe hideung sareng beureum, nja kitoe deui modelna, model Medan (tipis sareng leuleus) ras dianggona pangaos f 1,50 ekeoran roepi-roepi. Kopejah Padang soetra anoe saena, f 1.— anoe beul-balik f 1,50. Sinding poleng handjaran anoe saena f 2,75 poleng Cheribon f 4,50. Poleng Soetra ditanggal klat f 5.— Poleng Soetra anoe pangsana kaloeoran Soemedang f 10.— palekat tiap koral No. 1 f 3,25. Sadajana pangaos teu arjan kumpang ongkos ngintoen. 524

NEMBE DIBOEKA

Kangge ngawampikna kana saniskanten kaperloan langganan sareng ti asa enggal njoemponan sadaja pesenan, ngahadja ngawitan ti 1 April 1931, TEGELFABRIEK „NAJA” Tasikmalaja, ngajakeun filial di Soebang, tempatna di Soekamenak. Ngadamelan roepi tegel beton rooster (angin) beton buis (koeloeoeng), padamelanana ditanggal ngabingabkeun toer pangaosna ti asa dibandingkeun.

Noe ngadjeng-ngadjeng.

Tegelfabriek „NAJA”

517

TASIKMALAJA — SOEBANG

BANDOENGSCHE

Chemische

Wasscherij & Ververij

Stationsweg No. 30 naast GEBEO

TASIKMALAJA.



TARIEF

Boeat tjeerji pakean Toean - toean (Njonja - njonja).

1 Mantel wool (gabardin)	f 2.—	f 2.50	t/m	f 3.—
1 Sjaal wool	f 1.—	f 1.—		f 1.50
1 Tjilana item	f 1.—	f 1.—		f 1.25
1 Stel Flanel	f 2.—	f 2.—		f 2.50
1 Stel Gabardin	f 2.—	f 2.—		f 2.50
1 Stel Wool	f 2.—	f 2.—		f 2.50
1 Stel Palmbeach	f 1.50	f 1.50		f 1.45
1 Stel Singpek (Shang'un)	f 1.25	f 1.25		f 1.50
1 Topi laken				f 1.50

BOEAT TJELEP

1 Badjoe Europa	f 1.50	t/m	f 3.—
1 Badjoe tjelep tambah toea	f 2.—	t/m	f 2.50

TISIK.

— Bisa bedami doeloe, ongkos —
 — menoeuruet besara jaug dirisik. —

555

GRAMOPHOON & PLATENHANDEL „DE HARP”

Groote Postweg 66 — Filiaal Singaperawang 45
 BANDOENG TASIKMALAJA

Salamina najaagikeun roepi-roepi parabol kaperloan muziek. anoe ditanggal ti asa njoemponan kana sanes kanten noe dipesen koe para djoeragan.

Koepi roepi plaat gramophoon. sareng dina lagoe-lagoena oge ngahadja najaagan lagoe anoe dina waktos teu mah keur meudieuhna dipikatjinta, sapertos: Sprekende film. Djawa, Soenda, Malajoe, Bobodoran sareng sadjabina ti eta.

Soepados ti asa ngaboektikeun teu langkoeng sae mangga dijarabi bae.

Hoermatna
 noe ngadjeng-ngadjeng.

522

OSRAM GLOEILAMPEN

Jang soedah terkenal kakoeatannya lebih terang menjalannya dari laen-laen lampoe boeat listrik. Djoega disediaken boeat turief D. jang pake tjentilan distansja.

Bisa dapet di

505

TOKO TRIO

Goenoeng Babelah 27 - Tasikmalaja

KANTOREN:

R. Idih Prawira di Poetra

RECHTSKUNDIGE

Nampl padamelan ADVOCaat EN PROCUREUR OENoesan: CIVIEL, CRIMINEEL, SARENG SADJABI TI ETA

Hoofdkantoor di Garoet: tel. 142 Tjimanoekeuweg No. 18
 Bijkantoor di Tasikmalaja: di kantoor Sipatahoenan
 Bijkantoor di Bandoeng: di kantoor Sipatahoenan,
 — Pangeran Soemedangweg No. 115. —

ADVERTENTIE PELET

SABAN DINTEN SAPTOE

F 1.— Sakali moent.

„De Gouden Ster” Speciaal.



Limonade kloearan paling blakang. Lims crush, orange crush dan lain-lain dari sarinja boeah jang toelen, dan dari aer djeroeek betoel. Marganja ada beda sedikit, tapi kwaliteitnja tanggoeng menjoekeopi Boleh dateng minta tjonto boeat bikin

PERTJOBAAN

Dengan segala hormat,

523

Mineraalwater Fabriek „DE GOUDEN STER”
 Tasikmalaja — Telefoon No. 114.

Geloenggoeng Drukkerij

Tasikmalaja

Tjitrake sareng roepi-roepi kantorarikelen pikeun publik Bandjar sareng sawewengkuuna ti asa dipesen ka:

BESTUUR C. I. B.

(Coöperatie Istri Boemipoetra) BANDJAR.

Thee SEMANGAT 15 CENT PER PAK

Pesanan paling sedikit 100 pak. Boleh dapet dari Pabeanjuran Istri Bogor atawa Central Coöperatie Indonesia Bogor.

Hoofdagent
 Roekmi Akil

IMPLIK-IMPLIK

„Katidaresa”

ATAWA

Tjinta noe mawa tjilaka

KARANGAN

M. O. WIGENAPRADJA.

No. 19

Ti dinja doktor-doktor radjol pada moeroe teras Ardi diebaran sor-paja oelah njerieun teuing. Teu lila nja rerep oge, sabab teu hoemaroereng teuing sarta sanggeusna doktor doktor kala loer deui, pok Ardi njari: „Gambaran, abdi oge tina perka wis eta, gadoch dosa, nja eta mangnoedoehkeun di mawa R. Ahmad deandanna komji, mang ma'lockeun boekoe-boekoe sa reng s-rat anoe dikintoekeun ka gambaran tea. Kitoe deui abdi roemias sok mangaoelikeun

pagaweanana poen Ali, nja eta teu aja sanes pangna abdi milam pah kitoe teh, djalaran ngarah oelah, sangkan abdi ti asa meser inorman keras, kadaharan noe sarakah, noe matah ngadjadikeun kadoehoeng ahirna sapertos abdi ajeuna Tina kitoe. sorana laen pisan nepi ka koe Soedagar teu kakoeplingeun, teras bae koe andjeunna ditaros bari ditompokeun kana tjelina: „Na enja eta teh Ardi, djeung koema ha wani soempah? Sabab inget, oepama aja oemoer teh, silang koedoe ngadep ka Landraad.” „Kana menjat deui kitoe, teu aja takstran,” tjeuk Ardi, „tapi abdi wantoe soempah demi Allah demi Rasoolloewiah, doe doekna perkawis eta teh nja kitoe pisan. Tina eta abdi neda hampoera, soepados moelang oelah soemoreang, sarta ti asa lep tina rereged doenja.” „Heug, dihampoera pisan Ar di!” tjeuk Soedagar, „moega-moe ga bae Allah oge ngahampoera.”

„Noehorn gambaran,” walon Ardi sorana beuki laen bae. nam-eng hidji deui pamenta teh!” „Na naon deui?” tjeuk Soe dagar. „Oepami bade naros R. Soe kar, moega oelah digeretak, margi manehna pangkuoe teh, nja eta lantaran bakating koe tjinta ka bodjona.” „Soedagar Sjech Sarief sadjong djongan mah teu ngawalon da melna teh ngan mentjrong bae kana raheutna Ardi. „Hapoenten!” tjeuk Ardi sale ngah moega oelah digeretak, margi manehna pangkuoe teh, nja eta lantaran bakating koe tjinta ka bodjona.” „Gelih hideung moentjat tina soengoeuna, tina kitoea dja di teu bisa njari.” „Enggal Soedagar ngagentraan doktor, teras dipariksa, tapi gogo deg sarta ngaharewos ka Soeda gar: „Moal lami deui oge maor!” Barang Soedagar ngoeping tjari riosan doktor, geuwat andjeunna

nompoe kana tjelut Ardi bari njari os: „R. Soekar oge koe koel. di hampoera.” Ardi anoe keur sakitoe maroe roengna, ngaderge tjariosan Soe dagar teh ngan njeh bae imoet, bangoen noe atoh pisan. „Rep hoemaroerengna cureun, teros badanna ngeleper keke tjetan, sarta teu lila deui toeloej lastari. Sasalsena moelara majit. Soeda gar Sjech Sarief teras angkat ka benerina R. Soekar, noe waktioe harita keur tjalik ditengah boemi. sarta teu aijan damang pisan. Salirana djadi koeroe langkoeng ti sasari, kitoe deui ramboetna oge seueur noe bodas. Dipajoeneun andjeunna dina medja teu rik, nepi ka bajak koe rekening rekening sarta kaseseueuranana rekening tilas istrina njandakan panganggo-pangango djeung sadjaba ti eta. „Ja Allah, na koemaha mafa ranana loba-loba kieu mah!” tjeuk R. Soekar njarios sorangan

barina hoemandeur. „Djeungna mara popchoan teuing Tali barang tjukot t-h, estoe teu mikir-keun risan kana kaajan aing saktieu teh. Emh! koemaha bae teu pitoengtoeungeunana?” Kejjap kitoe koe andjeunna sering pisan dikadalkeunana, ko mo saparantos andjeunna wani ngarasab barang batoer mah, nja eta harina sanggeusna dja di bangsat, nepi ka rek enggal saktiek. Malah sakapeung mah sok hoe mandeur noenehoen enggal di poendoet joeswa, ana andjeunna parantos emoet kawa kadjadian di kantorna teh, lantaran keuheul koe polahna s-rangan, make beu nang kaolo koe Ali. Sring pisan andjeunna rek maksakeun wakija bulaka, tapi ana emoet kana adai na Soedagar, enja oge bageur, ana kitoe djalanna mah tangtoe moal ngahampoera, nja toeng toengna mah nepi ka hanteuna. Sabot R. Soekar keur ngama nah-manah kitoe, djol boedjangna

njampeurkeun, pok ngoandjoek-keun jen aja Soedagar Sjech Sarief. Barang R Soekar ngoeping eta djenengan meh-mehan bae andjeunna geubis, ngan hadana bae disangga koe rentjangan. Ma nahna raloeg sarta djol kadjoedi bae koe andjeunna oge, jen rasi ahna kaboker. Teraskeuneun. Boekoe. Soengkeman Geloeng. kenging Narjana. f 0,30— Adm. Sipatahoenan.